

# Vaparidzi Nevatungamiri Vechidzimai

NaJ.C.Choate



## Vaparidzi Vechidzimai

NaJ. C. Choate

Munguva yatirikurama vanhukadzi mazhinji wave mafundisi. Mharidzo zhinji mumakereke dzakuparidzwa uye vatove vatauri vemharidzo dzezvitendero muzvirongwa zvinoitwa muzvivhitivhiti. Munguva iyo maitiro madzimai anoswika kuzvizadzisa, pfungwa iye " yemafundisi echidzimai" zvichasvika pekuti zvakakodzera kuti madzimai ade kutungamira muhutungamiri unova vakakodzerwa kuitwa nevarume.

Mubvunzo uripano, haisi nyaya yekuti varume vanodzvinyirira vanhukadzi nekuvarambidza kuparidza, nekuvarambidza kupinda mumabasa ayo aaitwa nevarume bedzi.

Mubvunzo ndewekuti, **ko Ishe** Pachake anotendera here vakadzi kuti vaite mabasa aya ekutungamira paruzhinji rwevanhu mukereke?

Tikatarisa muhushumiri vaJesu, tinoona achisarudza vanhu gumi nevaviri pachake kuti vashande sevaApostora vake. Ndevapi vaApostora ava? *Vaive varume vose!* Zvakare mukufamba kwenguva apo Judasi, anotengesa Kritsu, panosarudzwa mumwe kutsiva chinzvimbo chake, kunyangwe hazvo paive nevakadzi vainge vakatendeka pakati pevadzidzi Vake, mukuita chinhu ichi *murume* ndiye akasarudzwa (Mabasa 1:26). Zvakare apo Mwari akatsaura munhu "kubva pamwaka vakafanira" kuti ave muApostora kuvaHedheni, Pauro akaonekwa akakodzera \_\_ zvakare aive murume \_\_ ndiko kwaive kusarudzwa kwaitwa.

Mushure mekunge kereke yavambwa yakatanga kukura nekuzara mupasirose, pakatanga kudiwa vatungamiri mumakungano. Maererano naTitus 1 uye 1 Timotio 3, avo vaKritsu vaikodzera vaigadzwa seVatariri uye Vabati. Uye muzviitiko zvose vifanirwa kuva varume kwete madzimai. Mukupindura kune avo vose vanotenda kuti madzimai anokwanisa kutungamira seVatariri, vamwe ndivo vanotaura vachitsigira nezvinotaurwa neZvinyorwa, handizive kuti mukadzi angakwanise sei kuva murume vemukadzi

mumwechete sezvinotaura Zvinyorwa!

Mushure mekufa kwalshe, kuvigwa, nekumuka, Akazviratidza pamberi pevaApostora \_\_*vaive varume vese*\_\_ ndokuwaraira kuti vaende pasi rose kundoparidzira evhangeri kuzvisikwa zvose (Marko 16:15,16). Zvakare verenga (Mateo 28:19,20)

Tikayambukira kubhuku raMabasa 2, tinotaurirwa kuti vaApostora vamwechete iwavo \_\_*vose waive varume*\_\_ Waive muJerusarema paPentekotsi yekutanga mushure mekumuka kwaJesu Kritisu. Vakabhabatidzwa neMweya Mutsvene vakatanga kutaura vachinzwikwa neruzhinji rukurusa rwevanhu vaininge vakaungana. Nokudaro ruzhinji rwevanhu rwakatenda rwakabvunza kuti ringaitai kuti riponeswe. Petro akavaraira kuti vatendeuke, uye nekubhabatidzwa kuti vakanganirwe zvivi, mukudaro vaizogamuchidzwa chipo cheMweya Mutsvene. Vanokwanisa kusvika kana kudarika zviuru zvitatu \_\_*vose varume nevakadzi*\_\_vakagamuchira shoko nemufaro vakabhabatidzwa uye Mwari akavedzera vose vakaponeswa mukereke yake. Verenga bhuku raMabasa 2.

Mukufamba kwenguva *varume* vanomwe vakatendeka vaive nemufambiro vakanaka uye vakazadzwa nomweya mutsvene vakagadzwa kuti vabatsire vaApostora. Avo vaishandira kereke pachinzvimbo chekuva Vatariri.

Mukubhudikidza nekuverenga mubhuku raMabasa, unoona kuti vaininge *vari varume* vaiparidza paruzhinji evhangeri uye nekutungamira pakuitwa kwemabasa eparuzhinji.

Medziso inokombera zvose, ndeyekuti Mwari akasarudza murume kuti aparidze, nekutungamira pakereke, pamabasa ayo ose eparuzhinhi. Hapana patakambonzwa kana kuona muTestament Itsva paitungamirwa nemukadzi paruzhinji, mungave mukuparidza, kupa munyengetero, kuimbisa kana kutoresa tafura yalshe. Mwari akagadza varume mubasa rekutungamira saka tinofanirwa kuremekedza kuita kwehuchengeri hwake mukuita sokudaro.

Asi nokuda kwekutsanangura kwakanyanya kwemabasa evarume kunoita tinopedzisa tichiti vakadzi havafanirwe kutungamira paruzhinji muKereke yaKritisu?

Kwete. MuZvinyorwa zvinotsangura pachena kubudikidza nekufuridzirwa, "*Mukadzi ngaadzidze nokunyarara nokuzviisa pasi kwose. Asi handitenderi mukadzi **kuti adzidzise, kana kuti ave nesimba pamusoro pomurume, asi ngaanyarare. Nokuti Adhama wakatanga kuvumbwa, tevere Evha; naAdhama haana kunyengerwa, asi mukadzi wakanyengerwa akapinda pakudarika;**" (1 Timotio 2:12-14).*

Chikonzero chinopihwa muchidzidzo zvinotaridza kurambidzwa zvakaomarara pamusoro pebasa revakadzi zvonotaridza kuti kurambidzwa uku hakusi kuita *kwetsika dzavanhu* asi mutemo vakagadzirwa nemitovo naMwari, kurutivi rwake.

" *Vanhukadzi venyu ngavanyarare mukereke; nokuti havatenderwi kutaura; asi vanorairwa kuti vazviise pasi, sezvinoreva vo murairo*"<sup>1</sup> Vakorinte 14:34).

MuTestamente Yekare Mwari aitura *kumadzibaba* kubudikidza *nevaporofita* \_\_ *vaive varume vose* \_\_ akashandisa varume kunyora Zvinyorwa; varume ndivo vaive madzishe nemapirisita kunze kweumwechete (Deborah) *varume ndivo vakava madzimambo*. Sei kwakangova nemudzimai mumwechete kuitwa Mambo? Nokuti mulstraeri mose mainge musina varume vainge vaine hushingi kutungamira vanhu! Chokwadi ichi chinofanirwa kunzwikwa munzeve dzevarume vanosiya basa raMwari \_\_ nhasi iro vakanzii vaite. Mwari vakasika varume kuti vave vatungamiri, uye vakadzi vari vabatsiri. Hatina masimba ekushandura hutungamiri hwake.

Kana mudzimai akabuda mumba achindotsvaka basa munyika, mumba munotanga kurwadza. Mukufamba kwenguva, vakadzi vazhinji vachange vakutora mabasa evarume, apo vachiita sekunge mabasa avo\_\_ asi vaine awo avakagadzirirwa naMwari\_\_ vanotanga kumasiya. Muzviitiko zvizhinji, varume havachaite mabasa avo; vakusiya vakadzi vavo nemhuri dzavo, uye vave kuzviraramira pachavo. Kubudikidza neshanduka mumabasa uku, mudzimba, nemumakereke, nyika iri mumatambudziko. Zvakakoshesa kuti tidzokere kuhurongwa hwaMwari uko varume waitambira basa ravo sevatingamiri, uye madzimai achiperera nekusvipira mumaabasa avo emudzima, vanavavo pamwe nekuvarume vavo.

Zvino vakadzi vanebasa rekuita here mukereke yalshe? Tinoverenga pamusoro

paPriscilla nemurume vake vachidzidzisa Appolosi pasiri paruzhinji (Mabasa 18:26); kereke kazhinji yaisangana mudzimba dzevanhukadzi ( VaRoma 16); madzimai vaipa rubatsiro nekotsvero mukuparidzwa kweivhangeri. Muzvikamu zvechidzidzo mukereke, uye zvakare munzvimbo dzisiri dzeungano yeruzhinji, vakadzi vanotenderwa kudzidzisa vamwe vanhukadzi nevana vadiki (Tito 2:3-5). Madzimai zvakare anosvika pakuvimbika (1 Timotio 5:14) kubudikidza nebasa rakakosha ravanoita, rekuchengetedza imba, nevana. Mwari ngaavaropafadze apo vanoteerera.